САПАРАЛ ВА СУАЛАЛ



**ЦIумаз бусен лъураб борхалъиялда...**

Стр. 2

ПИКРУ

**ХIалихьат бергьунеб рагъ ва цIияб заман**



Стр. 3


# ЛЪАРАТIА



**ЛъаратIа районалъул газета**

**№ 6-7 * апрель 2016 с.** **Газета биччала моцIида жаниб кIиго нухалъ.** **Багьа 20 гъ.**


*къецал*

# Дзюдо – лъебелазул спорт

## *ЛъаратIа дзюдоялъул рахъалъ Дагъистаналъул чемпионат тIобитIана*






**Апрелалъул 24 абилеб къоялъ ЛъаратIа росулъ тIобитIана дзюдоялъул рахъалъ Дагъистаналъул чемпионат 1996-1999 соназда гьарурал гIолилазда гьоркьоб. Гьениб гIахьаллъи гьабуна кинабниги 20 командаялъ, шагьараздасан ва районаздасан. Нилъер районалда гьадинал кIудиял ва кIвар бугел къецал киданиги тIоритIун рукIинчIо. Гьал къецал лъугьана районалда тIоцереселлъун, тIолабго республикаялъе гIахьалал. Гьеб ккола нилъер районалъе цебетIей, гIицIго спорталъул рахъалъ гуреб кинабго рахъалъ. ЦIакъго кIвар бугеб суал букIана кин гьел къецазда гIахьаллъизе кколел ва кинаб къагIидаялъ гьалбал къабул гьаризе кколел.**

Гьеб хIалтIи тIаде босана ва моцIаз цебеккунго хIадурлъи гьабуна ЛъаратIа ДЮСШялъул ва спортивияб комитеталъул нухмалъиялъ. ЦIакъго тIадегIанаб даражаялда тIоритIана гьел къецал, республикаялдаса щвараб спортивиял къецал тIоритIиялъе хIадурлъиялда хадуб хал гьабулеб идараялъ рагIи абизе кIолареб хIалалда.

Дзюдо рикIкIуна республикаялда спортсменаз, дзюдоистаз ЛъаратIа районалъул спортлъун. Гьелъие гIиллаги буго, тIоцебе республикаялда дзюдо абураб спорт малъарав, нилъер ракьцояв, СССРалъул чемпион, ЧIадаколоса ГIабдулхIажи Баркалаяв вукIин. Дова Гуржиязул ракьалда дзюдоялде ругьунлъана ва хадубккун нилъер районалде ва тIолабго Дагъистаналда дзюдо малъана ГIабдулхIажи Баркалаевас.

24 абилеб къоялъ гьеб тадбиралда гIахьаллъи гьабуна шагьаразда, республикаялда ругел нилъер цIар рагIарал спортсменаз ва Каспийск шагьаралъул бетIерасул заместитель, нилъер ракьцояв Джамал ГIабдулатIиповас ва районалъул нухмалъиялъ. Къецал лъугIана хадусеб къоялъ, 25 абилеб апрелалда. Киналго командабазда гьоркьоб тIоцебесеб бакI ккуна ЛъаратIа районалъ, кIиабилеб бакI ккуна Хасавюрт районалъ ва лъабабилеб бакI ккуна Гьарабудахкент районалъ. ТIадегIанал бакIал ккурал гIолилазе кьуна призал, граммотаби, медалал ва цоги батIи-батIиял шапакъатал. Киналго спортсменал балагьун чIарал разиял, судиязул мекълъи гьечIел, ракIбацIадго тIоритIарал лъугьана районалъе тIоцересел кIудиял къецал.

Турнир лъугIун ахиралда кIалъазе цеве вахъана районалъул бетIер Ражаб Ражабов. Гьес баркала кьуна киналго республикаялдаса рачIарал дзюдоялъул гIахьалчагIазе, тренеразе, рахъккевазе рачIаразе ва тIолабго халкъалъе. Хасго кIудияб баркала кьуна рикIкIадаб, югалъулаб Дагъистаналдаса гIемераб нухги тун ЛъаратIе спортгун щварал дагъистаниязе. ЛъаратIа район кидаго букIана спорт гуреб гьудуллъи, вацлъи, гьоболлъи хирияб, тIаде вачIарав чиясе хIурмат, адаб цIикIараб районлъун. Гьеб бихьулеб букIана 24 абилеб къоялъ дзюдоялъул къецал тIоритIулеб бакIалда цоцазде букIараб хинаб бербалагьиялдасан. Баркула ЛъаратIа районалъул командаялда тIоцебесеб бакI, гьарула нилъер гIолилазе спорталдехун рокьи цIикIине ва кире щваниги, кигIан кIудиял къецазда гIахьаллъаниги, кидаго борхалъуда, цебесеб кьерда рукIине. Хабар лъикIаб рагIайги.

**РАСУЛ АБАКАРОВ**



*сапарал ва суалал*

# ЦIумаз бусен лъураб борхалъиялда...

**Рорхатал мугIрузда руго гIадамал,
жодорго намусгун,
жодорго яхIгун...**

Нилъер районалъул нухмалъи-ялъе хасго ахирал соназда гIадатлъун билъун буго районалъул росабалъе щун, жамагIаталъулгун дандчIвай ва рагьараб кIалъай гьаби. Гьеб кутакалда битIараб, халкъалъе бокьулеб къагIида буго. Щайгурелъул магIарулазе бо-кьула ракI рагьараб, мухIканаб гара-чIвари жидерго нухмалъиялъулгун гьабизе. Киналго масъалаби суал-жа-вабалда роцIине. Гьеб хьулгун рай-оналъул нухмалъи щвана 7 абилеб апрелалда Колоб росулъе.



КигIан захIматал ва къваридал нухал ругониги, районалъул адми-нистрациялъул киналго идараба-зул бутIрулги, Колоб росдада аскIоса гIебеде ругел, районалъул тIасияб мухъалъул росабазул бегавулзабиги щвана гьенире цо чи хутIичIого. Гье-дин ккечIого ресги букIинчIо, щай-гурелъул захIматал нухал абураб жо гIилла гуро районцоязухъе щвечIого рукIине.

ЗахIматал, къваридал нухал-ги, тIагIунеб токги, щолареб хехаб кумекги ва гьел гурел гIемерал ун-тарал суалал рорхизелъидал гье-нибе щвараб нухмалъи. Абизе бе-гьула нилъер районалда бищунго захIматаб гIумру-яшав гьабулел чагIи руго районалъул тIасияб мухъалъ-ул гIадамал. Гьезда гьоркьосаги хасго Кьаналазул жамагIат. Гьеб бихьулеб буго чIунтулел, жаниса чи тIагIарал росабахъ балагьун. Гьагьар, Цимгъу-да, Огьохъ, лъабго росулъ тIубанго лъугIун руго гIадамал.





Кьанада ва Колоб росулъги дагь-лъулел руго рукIаралдаса. ХутIун руго рищунго яхI цIикIарал, рищунго са-бурал ва ВатIан бокьулел. Гьелъул магIна кколаро гIатIиракьалде аразул яхI гьечIо, ялъуни гьезие ВатIан бо-кьуларо абураб. БатIи-батIияв рукIуна гIадамазул ресал. ГьабсагIаталъ росулъ хутIарал чагIазда бараб буго гьезул умумузул культура, гIадатал ва гIамал цIуниялъул кIвар. Доб цо нилъер рай-оналъул гимналдаги дандчIвалел руго гьадинал рагIаби:

**«ЦIумаз бусен лъурал рорхалъабазда, Лъун руго росаби дир умумуца»** - ян.

Гьаб заманаялъ гIатIиракьалъ, шагьаралъ кьурал бигьалъабазда-са пайда босизе хIаракат бахъичIого, захIмалъабаздаса хIинкъичIого жидер умумузул ватIаналда гIумру гьабун чIарал гьал гIадамал дида цIакъ рельълъун рихьула борхалъуда гIумруги гьабун, лъидаго рачIого эркенго ругел цIумазда.

Районалъул бетIер Ражаб Ражабо-вас рагIи кьуна захIматал, рикIкIадал росабалъ ругел районцоязе хасаб бер-балагьи букIине бугин. Гьелъие гIоло гьарулел ругин росабалъе сапарал, кинаб ахIвал-хIал ва щал суалал ру-гел гIадамазул лъазе ва гьелда рекъон хIалтIи гьабизе.

Хал-шал гьабуна Колоб Гьорк-ьохъеб школалъул, ФАПалъул, ДШИялъул ва спортзалалъул. Район-алъул бетIерас гьаруна гьитIиналги бадирчIваял гIадлуялда хурхун ва гIагараб заманалда кIвараб кумек гьа-бизе рагIи кьуна.

Хасго цIикIараб кIвар кьезе бу-гила нухазе ва токалъе. Районалъул бетIерасул рагIабазда рекъон, гьеб сапар Колоб росулъе ахирисеблъун хутIизе гьечIо, жеги щвезе ругила гьа-нире кватIичIого батIиял хIасилалгун ва батIиял масъалабигун.

Гьединго кIалъазе цере рахъа-на районалъул бетIерасул тIоцевесев заместитель Рамазан ГIабдулха-ликъовгун, ЛъаратIа РОВДялъул на-чальник Къурбан Къурбанов экс-тремизм ва терроризмалдаса цIуни гьабизе ккеялъул рахъалъ бугеб кIваралъул бицун. ЛъаратIа маж-гиталъул дибир ГIабдурахIман ГIумаровас бицунеб букIана диналъул ва гьел гурел киналго идарабазда хур-харал суалал рорхун киналго кIалъазе рахъана.

Кьаналазул жамагIаталъул буго цо жодорго хаслъи, абизе бегьу-ла гьел нилъер районалда бищунго гьобол хириял чагIи ругин. Гьеб би-хьулеб букIана ахиралда, данделъи лъугIарабго росдал бегавул ХIусен ТIалхIатовас тIадегIанаб жигарчилъ-иялда гьабураб гьоболлъиялдаса. Гьединаб лъугьана иргадулаб роса-баздe гьабураб сапар. Хьул буго гьа-динаб тIадегIанаб даражаялда цоги росабалъги гьаризе данделъаби. Хабар лъикIаб рагIайги.

**Расул АБАКАРОВ**

*закон*

# Бегавулзаби депутаталлъун рукIине бегьуларо

## Халкъияб собраниялъ гьединаб закон къабул гьабуна

**Апрелалъул ахиралда тIобитIараб Дагъистаналъул Халкъияб собраниялъул сес-сиялда къабул гьабуна цIияб закон. Гьелда рекъон районa-зул депутатазул собраниялда жанир унел росабазул бега-вулзабаз депутатазул мандат нахъе кьезе ккола ва гьезул бакIалда цIиял чагIи рищизе ккола.**

Лъалеб букIахъе, кIиго соналъ цебе республикаялда хисизабун букIана района-зулгун росабазул депутатал ва бутIрул рищулеб къагIида. Гьелда рекъон муниципа-лияб гIуцIиялъул бетIер вищизе ккола депутатаз конкурсалъул комиссиялъ ри-хьизарурал чагIаздаса. Росаба-зул бутIрулги киналго гьедин рищана республикаялъул




гIемерисел районазда, гьезда гьорлъ нилъер районалда-ги. Араб соналъул Россиялъ-ул Конституциялъул судалъ хIукму гьабуна конкрусалъ-улаб комиссиялъ рищарал бутIрул райсобраниялда рукIине бегьуларо абун. Гьел-да бичIчIизабулеб букIана, гьеб къагIидаялъ вищарав бегавуласе халкъалъ законал-да рекъон жидерго интересал районалда цIунизе ихтиярал кьун гьечIилан. Росдал бе-гавул тIолгохалкъалъ вища-рав вугони, ялъуни росдал депутатаз жидеда гьоркьоса вищарав вугони, гьеб мехал-да рес буго гьев районалдеги витIизе. Гьединлъидал, кон-курсалъул комиссиялъ вища-рав росдал бетIерас жиндирго мандат гIодоб лъезе ккола.

Республикаялъул парла-менталъ законалда гьарурал хиса-басиязда рекъон росаба-зул бутIрулги рищизе бегьула лъабго батIияб къагIидаялъ:

1) конкурсалъулаб комис-сиялъ рихьизарурал чагIазда жаниса росдал депутатаз;

2) гьелго росдал депутатаз жидедаго жанисан;

3) тIолгохалкъалъул ри-щиязда. Бегавул вищулеб къагIида хисизабизе бегьула росдал депутатазул данделъ-иялъ жидерго уставалда хиса-басиялги гьарун.

Нилъер районалда киназ-дего гIагарун росабазда бетIер вищулеб къагIида буго гьаниб рехсараб тIоцебесеб къагIида. Республикаялъул цIияб зако-налъ росабазул жамагIатазе ва депутатазул собраниялъе цIикIкIун рес кьолеб буго же-дее бокьараб къагIида гьабизе.

**Рамазан РАЖАБОВ**

*пикру*

# ХIалихьат бергьунеб рагъ ва цIияб заман

**XIX абилеб гIасруялда гIурусазул дворяназдагун аристократиялда гьоркьоб бокьараб жагьалаб, чиясул къадруялда хъинтIараб рагIухъ дуэлалде ахIулаан. Гьеб къадру цIуниялъул къануналда рекъон, тохаб, ургъичIеб рагIул къурбаналлъун кколаан битIун завалалда ругел гIолохъаби. Гьениб хасаб лебаллъиялда ва бахIарчилъиялда бараб жоги дагьаб букIана. Икъбал битIун ккеялда, цебе кьвагизе щвеялда, гIемерисеб мехалда эхеде реххараб гIабасиялъ кьотIулаан чиясул къисмат. Гьеб гIадаталъ битIахъе харицелалъ чIахI гIадин рецана чанги лебалал гIолохъаби ва цере тIурал гIадамал.**

Нилъеда лъала, гIурус адабияталъул бищунго гвангъарал цIарал, «гIасрудал чирахъал, пикрудул нартал» - Александр Пушкин ва Михаил ЛермонтовасулгIумруялъул кунал тIуна цIакъ гIолохъанго. Жеги бакъ къалъилелде свана гьезул гIумру, дуниялъул адабияталъе хвел гьечIеб нахърателги тун. ГIага-шагарго гьебго ахIвал-хIал букIанин абизе бегьула дол гIасрабазда Кавказалдаги.

Щивав чияс тIоцебесеб иргаялда борчизе кколаан тIад лъикIаб, мухIканаб ярагъ. Гьеб букIана къадруялъулги, цо-цо мехалда инсан кинаб социалияб хIокIида вугевали бихьизабураб гIаламатги. Узденчияс ахирисеб гIарац кьуни босулаан лъикIаб, тIад гIарац бекьараб ханжар - рачел, таманча, ретIел-хьит ва лъикIаб чу.

Гьеб букIана чара гьечIеб шартI, хутIараб кинабго - хадуб. ГIусазул дуэль гIадаб хасал шартIал ругеб рагъ магIарулазул букIинчIо, амма рукIана кагътиде росичIел мугIрузул законал гIасрабаца гIасрабахъе, гIелаз гIелазухъе кьун цIунарал.

ХIатта тушманасдацин нахъасан балъго гулла речIчIизе бегьулароан, рагъ гьабизе кколаан бадиса бадибе, хасго кIудияб рогьолъун букIана тIад ярагъ гьечIев чиясда, яги гьоболасде квер борхи.

Гьеб нилъеда якъинго бихьула аваразул халкъияб кIалзул гьунаралъулъ, кучIдузулъ, къисабалъ, харбалъгун кицабалъ, магIабазулъгун, халкъиял кучIдулъ. Тушманасда балъго



речIчIизе бегьунгутIиялъул мисал. «ГIалил МухIамадил ва Каримил-хIажил» кочIолъ эмен чIварав чиясдаса къисас босулев васас абулеб буго:

**«ВачIаха ле, тушман, танчил рагъ базе**
**Цебе речIчIизеги мунгоги телин...»** - абун.

Гьалдасаги нилъеда бихьулеб буго хIатта квер цебе ккарас босулеб къисасалъулъцин магIарулас къадруялъул гIорхъабаздаса къватIибе гали бегьулеб гьечIолъи. Гьединабго бахIарчилъиялъул ва къадру цIуниялъул мисал нилъее бачунеб буго машгьурав «Хочбарил», аваразул халкъияв бахIарчиясул кочIоца.

Гьениб аслияб рогьолъун рехсолеб буго гьоболасе рекIкI гьабизе бегьунгутIиялъул къанун хвезабиялъ. ГIадада гуро цIадаве унев Хочбарица халкъалдехун вуссун абулеб бугеб:

**Хиянатаб тIалъи ва тIекъаб ханлъи**
**Халкъалъе хутIила дир кици - бицен**
**Эркенлъи бокьарал къалул васац**
**Кьела дир хабарал цереса цере...»** - ян.

Кьунагури гьеб бицен гIасрабаца нилъер умумуца цоцахъе. Хочбар вукIараб заманги лъалеб гьечIо, щив ханас гьесие хиянат гьабураби баянлъичIо, кинав шагIирас гьаб хIикматаб асар хъварабалиги билана. Амма нус-нус сонаца магIарулаз мисаллъун рехсон лъималазда цIар лъолеб буго бахIарчиясул ва нагIана кьолеб буго хиянаталъе.

Цо-цояз Хочбар абурав чи вукIин лъида лъалебин щакдараби загьир гьаруниги, хIакъаб жо буго магIарулаца хIужаялда тIад бижараб гурони шигIру-кечI наслабахъе кьечIеблъи. Щай? Щай гурелъул гьечIев ханасдеги, гьечIев Хочбаридеги шагIирас кечI хъвалароан, хъваниги халкъалъ къабулги гьабулароан, гьав чияс сундул бицунеб бугин, гьав щайтIабаца ккун вугиланги абилаан.

Гьел ралъдахъ ралагьун кучIдулгун къисаби шагIирзабаца ургъун рахъулеб заман бачIана къоабилеб гIасруялда хIурият бергьун хадуб. Пачалихъалъул заказаз, книгоиздалъул гонорараз ва мухъ рикIкIун реххулел мугьаз. Гьеб батIияб заман ва батIияб тарих буго, гьелъул бицинаро. Дица гьадал гIурусазул дворяназулгун аристокртазулги, магIарулазул уздензабазул, чIункIбузул, бегзабазул ва нуцабазул тарих ва къадру цIуниялъул тема щай гьаниб бачараб?

Щай гурелъул, жакъасеб щайтIан дуниялъул ва инсанасул бералдаса ва гIиналдаса хехго информация цоцахъе щолеб заманалда хасго вахIшияб, хIалихьатаб ва рекIкIаб буго ярагъги, чияс чиясдаса босулеб къисасги. Гьанир гьечIо киналгIаги я законалъул, я шаргIалъул, я гIаданлъиялъул гIурхъаби.

Цо вахьнаяс бецIаб рокъов мониторалда нахъаги вахчун макъу ва хIалхьи билизабулеб буго нус-нус, азаазар чиясул. Гьесул ригIабазухъ жаваб тIалаб гьабизе кIолеб гьечIо я гьесул чороклъиялъул къорикье ккараз, я жамгIияталъ, я пачалихъалъгун законалъ. ТIубанго къадруялда ва бихьинчилъиялда къоно чIвараб бачIанин гIасруян абизе бегьула. Хабар лъикIаб рагIайги.

**МухIамад БИСАВГIАЛИЕВ**

*суалал ва сапарал*

# ТIокIлъаби гIемераб росу

## *Районалъул нухмалъулел щвана Гъараколоб росулъе*

**Апрелалъул ичIабилеб къоялъ Гъараколоб росулъ тIобитIана кIудияб данделъи росдал жамагIаталъулгун, районалъул нухмалъиялъул. Районалъул хIакимзабаз росабалъе сапарал рухьи нилъее цIияб хабар гуро, амма гьединаб къагIидаялъ районцоязул захIматал ва унтарал суалал лъазари гIемерисезул пикруялда рекъон битIараб къагIида буго.**

Щай гьел данделъаби тIоритIулел росабалъе хьвадун? Гьелъ щиб кьолеб? Кинал бигьалъаби гьелдаса ругел жамагIаталъе? - абун суалал къезе бегьула нужеца. Районалъул нухмалъиялъ гьелъие кьолеб буго чIванкъотIараб жаваб. Щайгурелъул гьел данделъабаз бихьизабулеб буго унгояб, хIакъикъияб сурат. Кинал суалазе тIоцебе кIвар кьезе кколеб, кинал хадурккунги тIубазе бегьулел. ГIицIго росабазул бегавулазе кьолел тIадкъаяз хIалтIи я тIубала, яги тIубачIого хутIула.

Гъараколоб росу ккола нилъер районалъул росабазда жаниб цо жиндирго хаслъабигун тIокIлъаби ругеб росу. КIудияб тарихги, культураги, гIадатги, гIелмуги умумузул заманалдаса нахъе цIунараб. ЗахIмат бокьулеб, маххул, цIулал, къадахъанлъиялъул устарлъи цебетIураб, диналде цIикIун кIвар буссараб, инсанасул рухIияб цебетIей бугеб ва хIакъикъиял магIарулазул гIамал-хасият цIунун хутIараб росу. Гьал рагIаби дица зодосан росун хъвалел гьечIо. Гьал киналго рехсарал хIужаби рихьизе бегьула росулъе жанире лъугьараб сагIаталъго.



Ниж щвана росулъе ва тIоцере дандчIвана росдал рагIалда мажгиталда цере гIодор чIарал хараби. Бихьулеб буго гьобол вокьулел чагIи ругеблъи. КъватIчIван цере унаго бихьулеб гьечIо хIатта гIодоб бортараб цо гьитIинаб кагътцин. Кутакалда рацIцIалъи цIунараб бакI буго. Росу бакьулъ киналго гIолохъаби данделъун, кинабгIаги техника гьечIого балеб буго кIудияб спортзал. Гьелъул хIакъалъулъ щибниги цебеккунго рагIунги букIинчIо, гьеб буго районалдаса кумек щвезе балагьичIого росдал гIолохъабаз захIмат цIан гьабулеб хIалтIи букIиналъул гIаламат. Диналдехун бугеб рокьи бихьулеб буго росулъ жанире щварабго гIадамазул кIалъаялдасан, хьвада-чIвадиялдасан. Гьаниб рогьалил какде щолел чагIазул къадар бащалъула рузманалъул какде щолел чагIазул къадаралде. Гьаниб росу чIваралдаса нахъе цониги чи ккечIо туснахъалде, туснахъ щиб жо гьазда лъаларо жегиги росдал тарихалда жаниб. Гьеб гурищ тIокIлъи? Гьеб гурищ цогидазда релълъун гутIи, жодорго хаслъи?

Районалъул нухмалъиялъ хал гьабуна школалъул, росдал администрациялъул минадул, цIи балеб спортзалалъул ва гь.ц. Къадил как бан бахъарабго мажгиталда цебе тIобитIана данделъи, гьабуна росдал жамагIаталъулгун рагьараб кIалъай. Балагьарабго жамагIат цо тIубанго божулеб гIадаб гьечIо районалъул нухмалъи гIицIго росдал суалал рорхизе щвеялда. ГIицIго рищиязда цере гурони рачIунароан гьанире цереккун районалъул хIакимзабиян гьимана цо чи.

Данделъи лъугьана цIакъ магIна бугеб, гIемерал кьваригIел гьечIеб хабар гьорлъ жубачIеб. Районалъул бетIер Ражаб Ражабовас чIванкъотIун кьолел рукIана суалазе жавабал. Гьесул пикруялда рекъон гIагараб заманалда кумек гьабизе буго спортзал лъугIизабизе. Гьеб хIалтIуе районалъ кумек гьабизе буго районалъул рахьалъ 300 азарго гъуруш гIарцудалъун. Гьединго ЛъаратIа ЦРБялъул бетIерав тохтур Асадула Юсуповас Гъараколоб росулъ фельдшерасул пункт балялъе кумек гьабизе буго 100 азарго гъуруш гIарцудалъун. Нухал ва ток рикIкIичIого гьел масъалаби ругила жакъа росдае бищунго кIвар цIикIарал ва тIоцебе рагIалде бахъизе кколеб хIалтIи. Хадубккун жеги кIвараб кумек гьабизе бугилан рагIи кьуна районалъул бетIерас.

**Расул АБАКАРОВ**

❁ культура



# ТIармил чIчIваялда кIутIун...

*ЛъаратIа тIобитIана кечI-бакъаналъул конкурс*

**Апрелалъул 27 абилеб къоялда ЛъаратIа культурияб рукъалъул залалда тIобитIана кIудияб конкурс кечI ахIиялъул ва къурдиялъул рахъалъ.**



Гьениб гIахьаллъи гьабуна гIагашагарго киналго росабазул администрациязул, культурияб рукъалъул хIалтIухъабаз. Гьезда гьоркьоб тIобитIараб къец букIана гьеб. Кутакалда аваданаб, гIодор чIаразул ва гIенеккаразул ракIазе кIудияб асар гьабулеб букIана цере рахъараз. КIудияб хIадурлъи гьабураб букIин бихьулеб буго къокъаб заманалда жаниб. Щайгурелъул цо моцIигицин инчIо администрациялъул активияб залалда районалъул бетIер Ражаб Ражабовас росабазул культуриял рукъазул директоралги ахIун гьабураб совещаниялдасан. Гьениб лъазабун букIана 27 абилеб къоялъ районалда киналго гIахьаллъизе ругин конкурсалда ва гIахьаллъизе бажаричIезда хIалтIиги тун нахъе ине кколаян бичIчIизабулеб букIана. МагIарухъ ругел ва хъутабазда ругел гIемерисел культуриял рукъаз гIахьаллъи гьабуна гьеб конкурсалда. Залалда жаниб цохIо бакIцин букIинчIо чIобогояб. Киналго бакIалги цIун, рахъун чIаралги рукIана.

Фестиваль тIобитIана районалъул администрациялъ ва культурияб рукъалъул нухмалъиялъ, исана Дагъистаналда баркизе бугеб «МугIрузул сон» кIодо гьабун. Нилъеда лъала исанасеб сон республикаялъул бетIер Рамазан ГIабдулатIиповас лъазабун буго мугIрузул сонлъун. Фестивалалда гIахьаллъи гьабуна 14 росдал администрациялъул культурияб рукъалъ. Гьезул киназго махшалида бихьизабуна магIарулазул миллияб культура.

Микьго чиясдасан гIуцIараб жюриялъ къимат кьуна киналго гIахьалчагIазе ва мухIкан гьабуна лъие щиб бакI щварабали. Гьезул хIасилазда рекъон тIоцебесеб бакI ккуна Къамилухъ администрациялъул культурияб рукъалъ, кIиабилеб бакI Гъведиш культурияб рукъалъе ва лъабабилеб бакI Кутлаб росдал культурияб рукъалъе. Гьел лъабалго тIадегIанал бакIал ккуразе кьуна тIадегIанал шапакъатал ва гIарцулал сайгъатал.

Районалъул нухмалъиялъ кьуна тIадегIанаб къимат киналго гIахьаллъаразе ва разиго хутIана гьединаб хIадурлъиялдаса. Районалъул нухмалъиялъ ва культурияб нухмалъиялъул идараялъ ракI-ракIалъулаб баркала кьуна киназего ва гьабураб хIалтIудаса разиял рукIин лъазе гьабуна. Ахиралда фестиваль къана ГIабас ГIабдулатIиповасул панаял пандуралъул бакъназда гьорлъ. ЛъаратIа районалде ихгун цадахъ кечIги, макъанги ихтилат-кепги щолеб гIадат кидаго.

**ЧАКЪАЛОВ**




❁ буголъи

# «Мискинал» хIакимзаби ва гьезул бечедал руччаби

**Дагъистаналъул Халкъияб собраниялъул спикерасул буго «Харли Дэвидсон» абураб мотоцикл, цо-цо депутатазул руго «Лексус», «Бентли» маркаялъул машинаби. Руго гьезда гьорлъ 12 азарго гъуруш гурони лъагIалида жаниб щвечIел, хIатта щибго щвечIел депутаталги. Гьел баянал кьолел руго жидерго буголъиялъул декларациялда депутатаз. Экспертаз рикIкIунеб буго, гьеб информация мекъаб бугин, хIакъикъияб буголъи бахчизе кIолеб бугин хIакимзабазда.**

Дагъистаналъул депутатазда гьорлъ араб соналъ бищун гIемер гIарац щварав чилъун ккана МахIачхъалаялдаса депутат, «Горводоканал» абураб муниципалияб гIуцIиялъул нухмалъулев Ислам Гусейханов. Гьесие щун буго 69 млн гъуруш. Машинаби буго гьесул хъизаналда гьечIо. КIиабилеб бакIалда вуго ЛъаратIаса депутат Джамалудин ГIумаров 54 млн гъуруш гIарац щварав.

Гьесул буго жиндирго лъабго автозаправка ва цIатари бахъулеб завод. Лъабабилеб бакIалда вуго «Сулакский гидрокаскад» абураб идараялъул генералияв директор НурмухIамад ГIалиев. Гьесие щун буго араб соналъ 35 млн. Машина гьесулги гьечIо.

Буголъи гIемерал депутатазда гьорлъ тIоцебесеб бакIалда лъезе бегьула Южно-Сухокумск шагьаралдаса депутат, 28 сон барав ТIалхIат МахIачев. Гьев ккола кIиго соналъ цеве хварав Дагъистаналъул вице-премьер ХIажи МахIачевасул вас. Депутатасул бугоан ичIго рукъ. Гьезул цоялъул гIатIилъи буго 921 квадраталъул метр. Гьединго гьесул буго анлъго ракьул бутIа, «Роллс Ройс» ва LEXUS LX 570 абурал багьаяб кIиго машина.

Киналго депутатазул халлъулеб абурав депутатасе араб соналъ щун буго 12 азарго гъурущ, чIужуялъе абуни щибго щун гьечIо. Амма гьезул буго 192 квадраталъул метр бугеб рукъ ва 500 квадраталъул ракьул бутIа.

Бищунго кIудияб рукъ буго ГIахъуша районалдаса депутат ГIумархIажи ГIалиевасул. Гьелъул гIатIилъи буго кIиазарго квадратияб метр. Депутат Альбина АхIмадовалъул рукъалъул кIодолъи буго 24 кв. метр.

Араб соналъ цониги гъурущ щун гьечIо анкьго депутатасе. Гьезда гьорлъ вуго МахIачхъалаялъул цеве вукIарав мэрасул вас МухIамад Амиров. Депутат Будун Будуновасеги декларациялда рекъон щибниги щун гьечIо. ГIумруги гьес гьабулеб буго ункъо лъимергун 60 квадратияб метр бугеб рокъоб.

Я буголъи, я гIарац гьечIо Дагъистаналъул парламенталъул цеве вукIарав спикер МухIамадсултIан МухIамадовасул. Гьесул чIужуялъеги араб соналъ щибниги щун гьечо.

Парламенталъул спикер Хизри ШихсагIидовасул буго декларациялда рекъон кIиго «Харли Дэвидсон» абураб мотоцикл, гьединго «Тойота Тундра» ва «Ранглер» абураб кIиго джипги.

ТIолгороссиялъул халкъияб фронталъул (ОНФ) член Алик ГIабдулхIамидовасул пикруялда рекъон, хIакимзабаз жидер унго-унгояб буголъи бахчулеб буго. ОНФалъ цебегоялдаса нахъе хIакимзабазул буголъиялъул цIех-рех гьабулеб буго.

«Дун гьел декларациязда божуларо. Гьениб бугеб информация битIараб батани, гIемерисел хIакимзаби жидерго руччабаз хьихьулеб къагIида буго. Щайгурелъул, гьезда тIад хъван букIуна магIишат. Руччабал руго аслиял бизнесменал ва кодоб гIарац бугел чагIи. Гьез къолеб батизе ккола




буго багьаял машинабазде рокьи. Мисалалъе, Кайтаг районалдаса депутат АхIмад ХIамзаевасе араб соналъ щун буго цо миллион гъурущ, амма босун буго 2 млн ва 300 азарго гъурущдиде бугеб БМВ машина ва «Мерседес». Амма бищунго багьаяб машина босун буго Гъизилюрталдаса Мурад Пайзулаевас. Гьес «Лексус-570» босун буго 5 млн 700 азарго гъурущде. Гьелдаго релълъараб «Лексус» ва жеги кIиго «Бентли» машина буго Гъизилюрталдаса депутат Джалалдин Шамхаловасул. ЛъагIалие щолеб гьесул харж буго 276 гъурущ гIарац.

Хасавюрт районалдаса ГIалигишиев ХIамидил лъагIалил харж буго 413 гъуруш гIарац, амма машинаби руго багьа кIудиял. Гьесул буго ункъо багьаяб машина: BMW Z4, Toyota Land Cruiser 200, Mitsubishi Pajero ва LEXUS LX 570.

Руго «мискинал» депутаталги. Мисалалъе, Джалалудин МухIамадов хIакимзабазе кваназеги, рекIинеги, ретIинеги жоялъе гIарац. Щаялиго къуваталъул идарабазги гьеб жоялде кIвар кьолеб гьечIо.

ГIажаибаб жо тIатинабун букIана нижер фронталъ араб соналъ. Цо хIакимчиясе бюджеталъул гIарцуде босулеб букIана 272 квадратияб метр бугеб рукъ 11 млн гъурущде. Дида лъаларо, щив хIакимчи гьев вукIаравали, гьединаб тендер тIатинабун букIана. Гьесул анцIго чIужуги нусго лъимергийищ бугеб гьеб кIудияб рукъ босизе ккани? Гьеб хIужа тIатун букIана, ахирги босанищ гьеб рукъ, босичIищ лъаларо».

Лъалеб букIахъе, законалда рекъон, щибаб лъагIалил апрель моцIалъ хIакимзабаз жидерго буголъиялъул декларация рагьизе ккола. Гьеб гьабичIого Халкъияб собраниялъ мандаталдаса махIрум гьавун вуго кIиго депутат.

**Рамазан РАЖАБОВ**

*Дин ва гIумру*

## Алжаналде лъугьа хIисаб гьечIого!

# САБРУ – АЛЖАНАЛЪУЛ КIУЛ

**БатIи-батIияб къагIидаялъ инсанасул хIалбихьиялъухъ тIолабго рецц ТIадегIанав Аллагьасе буго. Сабруялъул камиллъи жиндилъ тIубарав нилъер МухIаммад аварагасда, гьесул агьлу- асхIабзабазда, къимасеб къо чIезегIан гьесул нух ккуразда лъейги бищун хирияб свалатгун салам.**

Къиямасеб къоялъ гIарасат майданалда халкъ чIараб мехалъ, Аллагьас абула - киб бугеб хиралъиялъул агьлу - ян. Дагьалго гIадамал тIаде рахъуна, цинги ТIадегIанав Аллагьас гьезда абула, - нуж алжаналде жанире лъугьа щибго хIисаб гьечIого, лъикIал гIадамал руго нуж. Цинги сверун ругел цойгидаб халкъалъ гьезда цIехола, хIисабги гьечIого нуж алжаналде лъугьине ккани, нужеца дунялалъул рокъоб щиб гьабулеб букIарабин. Алжаналъул агьлуялъ гьезие жаваб кьола, нижеда зулму гьабураб мехалъ, нижеца сабру гьабулаанин, нижее квешлъи гьабураб мехалъ, нижеца хIалимлъи гьабулаанин. Нилъер аваргас инсанияталда малъулеб букIана, тIаде бачIараб захIмалъиялда сабру гьабеян. Гьедин захIмалъи баччун асхIабзабазги нилъее мисалал рихьизаруна.

Дунгоги «загIипаб жинсалдаса» кколелъул ва чIужугIаданалъухъа кколел мунагь-хатIаби цIакъго цIикIкIунги рукIунелъул, лъикIаб букIинаан гьалда тIад хасс гьабун руччабаз пикру гьабуни. Щай абуни, «бихьиназе нужеда тIад тIокIлъи буго руччаби», «рос дуда рази гьечIебгIан заманалъ мун малаикзабаз нагIана кьолейлъун йикIуна», «инсанасе сужда гьабизе бегьулеб букIарабани, чIужуялда амру гьабилаан росасе сужда гьабеян» ва гьел гурелги рикIкIен гIемерал аятаз ва хIадисаз нилъеда бицунеб бугониги, руччабазул рекIелъе хIинкъиго рехуларо. Россабазе лъудбуз азарго батIияб питна-кIалъай гьабулел лъугьа-бахъинал гIинда чIвай гIемерлъулеб буго, щибаб руссеналда жалго руччабаз кIудияб гьунар гIадин бицунеб буго россабазда хадуб бугеб «гучаб контролалъул».

Бихьиназул мугъал рекулел пишаби лъудбуз гьарулел руго, щибго шаргIалъ рикIкIунарел ва хал гьабуларел багьанабиги кьочIое росун. «Телефоналъ цогидалъухъе кIалъалев рагIана», «цоги чIужу ячине ракIалда бугин ккола», «цогидалъухъ валагьани дун гьесулъ юхьаниги чIоларо», гьале жакъа руччабазул аслияб унти.

Бицунелъухъ гIенеккидал ракIалде ккола гьазда иманалъул «Аллагьасул къадаралда божи» абураб анлъабилеб рукну лъазегодай лъалароян. Жеги ияхI чорхолъа бортараз абулеб рагIула «рокъобе гIураб магIишат бачIунеб гьечIо», «яшав гьечIев гьасда аскIой йикIунаалдаса, росс гьечIого къороллъуда йикIинго лъикI диеян».

ЛъикIдай яги квешдай букIунаян бетIергьанчи гьечIого жинцаго цохIо дунялалъул гьир мугъзада баччун ригь арай чIужугIаданалда цIехеян гIакълу кьелаан дица гьединазе. Бихьинчи вуго кисахун вортаниги жиндир кIиябго бохалда щулаго чIолев ва гьесул ракI батун хьвадани дуниялгицин цоцаде борлъизе жиндилъ къуват бугев чи.

Аллагьасе гIибадаталда тIад чIола.

**Муъминчиясул лъабабилеб сипат ккола** БетIергьанасде таваккал тIами, Гьесде гурони мугъчIвай букIунгутIи. Аллагьасде таваккал тIамиялъул даража кигIан цIакъ нилъелъ гIодобе бортун бугебали бихьула, гIадамаз магIишат цебетIей жидерго

Росасе мутIигIлъунин, гьесие хIелунин ва къун чIунин абун, чIужугIаданалъе щибго гIодобегIанлъи гьечIо, тIадегIанлъи гурони. Аяталда рехсолеб муъминчиясул кIиабилеб сипат буго «Къуръан цIалидал гьелъул асаралъ жидер рекIелъ иман цIикIкIунел» абураб. Пашманлъизе бачIуна, Къуръан-хIадисги, гIалимзабазул вагIза-насихIатги бицун цебе диргоги хадур цогидазулги, чвахун бараб цIад ракьул гъварилъуде инчIого тIасан ихх бахъун унеб гIадин, рекIелъе инчIого асар гьабичIого хутIиялъ.

Бахиллъизе бачIуна цересел гIадамазул ракIазе Къуръаналъ гьабулеб букIараб гучаб асаралъул. ЦохIо мисал гIела, гIезегIан мехалъ гIадамазе нухал къан гьачагълъи гьабулев вукIарав, хадуб кантIун кIудияв гIалим ва шайихлъун вахъарав Фузайл бин ГIиязил. Цо къоялъ йокъулей ясалъухъе ине къеда тIасан вахунаго гьесда мадугьалихъан рагIула «ГьанжегIаги заман щвечIищ иман лъурал гIадамазе кантIизеян» абураб магIнаялъул аят. Гьеб аяталъул магIна рекIелъе бортарав Фузайл цин чIун хутIула, цинги заман щванаянги абун, доб рахъалде лъураб хIетIе нахъе босула ва гьелдаса нахъе тавбуги гьабун гIамалалда тIубанго бухьинабун бугеб куцалъ. Мисалалъе, лъимал мадрасалде цIализе ритIани лъикI букIинаян абуни, дагьал гьечIо умумул будундибирзабиги росулъ цо-цо гурони рукIунарин, щибги кванан дир лъимер букIинебан абулел. Гьалеха нилъер БетIергьанасде бугеб «кутакаб» мугъчIвай ва таваккал.

Нахъеги тIадруссинин СагIидафандияс такъва баян гьабулеб куцалдаса пайда босиялде: «ТIадегIанав Аллагьасдаса хIинкъиги букIуна кIиго батIияб къагIидаялда: гIазабгIакъубаялде ккеялдаса хIинкъи. Гьеб буго гIусатазул хIинкъи; ТIадегIанав Аллагьасул кIодолъи, гьайбат лъан, гIицIго гьелдалъун букIунеб хIинкъи – кIиабилеб.

Гьаб буго хавассазул хIинкъи, ай иманалъул рахьалъ тIокIлъарал, Аллагь лъаялъул даражаялде щварал гIадамазул. Камилал муъминзабазул сипатал-ахIвалаллъун жал кколел ракIазул гIамалал, Жив рехсеялдалъун жидер ракIал хIинкъи, Къуръаналдасан аятал жидее цIалидал иман цIикIкIин ва киналниги ахIвалазулъ Жинде таваккал тIами рехсон хадуб, ТIадегIанав Аллагьас хадусеб аяталда баян гьарулел руго муъминзабазулъ рукIине кколел лугбаз гьарулел гIамалазда как ва закат бахъи. Цогидал гIамалал рехсечIого, гьаб кIиябго рехсонги тун буго лугбаз гьабулеб гIамалалъул бищунго кIвар цIикIкIараб диналъул хIуби – какги, боцIи-малалда хурхарал гIамалазул бищунго кIвар цIикIкIараб – закатги букIиналъ: **«Гьел гIадамал руго дол муъминзаби, жидеца бацIцIадго какиеги чурун, рукугI-суждаги камил гьабун, гIужда къол щуябго как балел ва ТIадегIанав Аллагьас жидее кьуралда рекъон боцIи-малалдаса паризаяб закатги бахъулел».**

Хадусеб аяталдаги абулеб буго ТIадегIанав Аллагьас: **«Рехсон цере арал киналниги загьирал ва батIиниял гIамалал жиделъ данделъарал гIадамал - гьел руго хIакъикъияб камилаб иманалъул муъминзаби. Гьезие руго ТIадегIанав Аллагьасда аскIоб ахираталъул рокъоб жиде-жидер гIамалазда рекъон тIокIлъаби, тIадегIанал даражаби, дунялалда мунагьал чуриги, алжаналъуб лъугIи гьечIел, даимал нигIматалги, ажрукириги».**

Гьанже халгьабе, хириял бусурбаби, ругищ нилъелъ данделъун гьадал цере рехсарал, хIакъикъиял муъминзабазулъ данделъизе кколел сипатал? Масала, хIукуматалъул законалда данде кколареб цо кинаб бугониги ишпиша гьабулев чиясда абуни гьесде ракIги бугев, законги лъалев юристас: **«Ле, гьудул, дуца гьеб иш жибго те, гьелъ мун туснахъалъуве вачуна»,** - ян, щаклъи гьечIого гьев чияс гьеб иш тола.

Ялъуни, жаниве кколареб хIалалде гьеб иш сверизабула. Гьадинги бугеб хIалалъ, нилъедасан боцьарав чиясда, сундул хIакъалъулъ бугониги, цо цIаларав чияс абуни: **«Ле, гьудул, мун витIун гьечIо гьеб ишалъулъ, гьелъул хIакъалъулъ ТIадегIанав Аллагьас гьадин абулеб буго»,** - ян, хIинкъулищ нилъер ракIал ТIадегIанав Аллагьасдаса, жиндиего санагIатаб хIал кколеб гьечIони, вачIунищ гьев чи маслихIаталде? Щибаб рузман къоялъгIаги цIалуларищ рузманалда дибирас нилъее Къуръаналъул аятал, гьелдалъун цIикIкIунеб бугищ нилъер иман? Кинал рукIаниги дунялалъул умуразулъ бугищ нилъер ТIадегIанав Аллагьасде таваккал тIами, бугищ бечедазул щукру ва мискиназул сабру? Бугищ рехсараб хIалалда какалда, боцIудаса закат бахъиялда ва цогидал лугбаз гьарулелгун боцIималалда хурхарал хIукъукъал тIуразе гьариялда тIаде кьолеб кIвар, гьелъул гьабулеб ургъел? Гьал суалазе жавабал щивав чияс жиндиего кьезе ккела. БетIералъул гIакълу нуралъул чирахъин абула. БетIергьанас кьураб гIакълуялда рекъон гурони гIаданги кинанха хьвадилев, ТIадегIанас кьечIеб жо босизе инсанасул гьунар гьечIелъул. Аллагьас нилъер киназулго ракIазулъ муъминчиясул сипатал щула гьареги!

**ХIабиб-хIажи ГIИСАЕВ**



---

*прокуратура сообщает*

## Главврач туббольницы должен представить сведения о доходах

Прокуратурой района проведена проверка отражения в сети «Интернет» на официальных сайтах учреждений здравоохранения сведений о доходах, руководителями учреждений здравоохранения. Так на территории района осуществляют свою деятельность ГБУ РД «Тляратинская межрайонная туберкулезная больница».

При изучении сайта ГБУ РД «Тляратинская межрайонная туберкулезная больница» установлено, что на указанном сайте в сети «Интернет» в нарушении Федерального закона от 25.12.2008 № 273-ФЗ «О противодействии коррупции» не размещены сведения о доходах, об имуществе и обязательствах имущественного характера главного врача указанного учреждения.

При этом согласно ст. 8 Федерального закона от 25.12.2008 № 273-ФЗ «О противодействии коррупции» для лиц, замещающих должности руководителей государственных (муниципальных) учреждений, установлена обязанность представлять сведения о доходах, об имуществе и обязательствах имущественного характера. Представленные ими сведения должны размещаться в информационно-телекоммуникационной сети «Интернет».

В силу ст. 10 Федерального закона «О противодействии коррупции» и ст. 75 Федерального закона от 21.11.2011 № 323-ФЗ «Об основах охраны здоровья граждан в Российской Федерации» медицинский работник обязан принимать меры по предотвращению и урегулированию конфликта интересов.

В целях устранения нарушений законодательства прокурором района в адрес главного врача учреждения внесено представление об устранении нарушений федерального законодательства.

**Прокурор района старший советник юстиции Султанбег АХМЕДОВ**

*республика*

# Дагъистангун Чачан республика цолъизе рес бугищ?

*Федералияб централъ регионал кIодо гьарулел руго*

**Россиялъул Совет Федерациялда хIадурун буго регионалияб политика цIигьабиялда хурхараб хасаб документ. ГьабсагIатлда гьелъул хал гьабулеб буго Россиялъул ХIукуматалда, президентасул администрациязда ва киналго регионазда.Экспертазул пикруялда рекъон, гьеб документалда рекъон регионал кIодо гьаризе рес буго чангояб данде гьабун. Бугищ Кавказалда гьеб гьабизе рес, регионал цолъизари лъикIищ ялъуни квешищ, Дагъистан щиб регионгун данде гьабизе бегьулеб ва ругищ гьелъие политикиял ва экономикиял шартIал?**

Россиялъул регионал цIакъго гIемер руго ва гьел данде гьаризе кколилан рикIкIунеб буго цебегоялдаса нахъе. Мисалалъе, 90-лел соназда Россиялда букIана 89 регион. Хадуб чангояб данде гьабун 80 регион хутIана. Крым Россиягун цолъун хадуб регионазул къадар 82-




ялде бахъана. ТIаде бачIана республика Крым ва федералияб даражаялъул шагьар Севастополь.

Регионал гIемер ругеб мехалъ улкаялъе нухмалъи гьабизе цIакъго захIмат буго, гьелъ гьабулеб буго гьел кIодо гьариялъул хIалтIи. Нухмалъиялъул даража борхизабиялъе гIоло гьабун букIана Федералиял округал гIуцIиялъул реформагияни хъвалеб буго «Московский Комсомолец» газеталъ.Гьаб нухалда Федералияб мажлисалъ ургъараб документалда бицунеб буго «экономикиял макрорегионал» гIуцIизе кколин. Амма «МКялъул» баяназда рекъон, гьелда хадуб букIине бегьула унго-унгояб, политикияб цолъиги. Цебего гIадин чанго регион данде гьабизе бегьула.

Кинха гьеб хIалтIи гьабизе рес бугеб ва кин гьабизе бегьулеб Северияб Кавказалда? ХIадур ругищ, мисалалъе, Чачан республикагун Дагъистан цолъизе? Цо регион гIуцIизе хIадур ратичIони, документалда хъвавухъе «экономикияб макрорегион» гIуцIизе кIолищ?

Экономист, Дагъистаналъул бетIерасул гIакълучи Камиль Ландаца рикIкIунеб буго, регионал цолъизаризе ккани гьелъие экономикиял шартIал рукIине кколин тIоцебесеб иргаялда ва гьелдаса хадуб гурони политикияб цолъиялъул бицине бегьуларин. ТIоцебесеб иргаялда Шималияб Кавказалда.

«2016 сон Дагъистаналда лъазабун бугелъул МугIрузул сонлъун. Гьелда рекъон мугIрузда гIуцIизе ккола хасал экономикиял зонаби, бизнес цебетIезабиялъе шартIал. Республикаялъ федералияб централда цере лъолел суалазул цояб буго Дагъистаналда хасаб экономикияб зона гIуцIи.Гьелъул магIна ккола гьаниб бизнес гьабизе хасал шартIал гIуцIи. Щай гьел шартIал Сибиралда ялъуни цоги регионазда гьаризе бегьулел, гьанир бегьуларел. Гьеле гьеб буго унго-унгояб регионалияб политика. Кавказалда буго гIемер халкъ, гьаниб хIалтIи гьечIо гIадамазе, бизнесалъе квал-квал гьабулеб буго.

Гьанже политикияб цолъи букIине рес бугищ абун цIехани, дун гьелда божуларо. Кин данде гьабилеб Дагъистангун Чачан республика? Политикияб цолъи букIине ккани гьелъие данде кколел экономикиял шартIал къваригIуна. Гьел гьечIо гьабсагIаталда. Экономика буго нахъеккараб. Федералияб централъ кигIан кIвар бугеб масъала цебе лъуниги, бакIалъулал хIакимзабаз гьеб хвезабулеб буго. Регионалияв хIакимасул тIокIаб масъала гьечIо жиндие гьелдаса хайир балагьи гурони. Регионал данде гьариялъе шартIал дида гьабсагIаталда рихьулел гьечIо».

Цоги экономист, Николай Проценкол пикруялда рекъон, регионал цолъизари Кавказалда гуреб цоги регионалдаги буго цIакъго ургъун гьабизе кколеб хIалтIи. Хасго Кавказалда гIагараб заманалда регионал цолъизаризе бегьулароян рикIкIунеб буго гьес.

«Цо-цояз рикIкIуна, регионал данде гьарулаго къуватаб регионалде загIипаб регион данде гьабуни гьезул экономика рукIалиде ккелин ва гIадамазул гIумру лъикIлъизе бугин. Гьеб мекъаб пикру буго.ЗагIипаб регионалъе кьолеб гIарац добго хIалалъ хутIизе буго, амма гьелдаса квеш букIине буго гIицIго гьебгун данде гьабураб цебетIураб регионалъе. Ай, централъ хьихьизе ккезе гьечIо загIипаб регион, гьеб цоги цебетIураб регионалда тIаде тIамун тезе буго.

Гьединлъидал, церетIурал регионал гьелда тIадрекъезе гьечIо. Кавказалда абуни, гьеб къагIида тIубанго данде кколаро, щайгурелъул щибаб регионалъул руго лъугьун рахъарал элитаби, ва гьел цо кинабалиго макрорегионалда данделъизе руго абураб жо дида цебетIамизе кIоларо. Гьелдаса букIине буго ялъуни киналго цоцалъ рагьи, ялъуни кIудияб ришватчилъи».

Николай Проценкоца рикIкIунеб буго, гьел элитабаз гIарац кьезе бугин цIигIуцIараб регионалда жидерго асар хутIизе ва гьел цоцалъ къеркьей гуреб, ришватчилъиги цIикIкIине бугин.Россиялъул регионазда гьоркьоб бугеб экономикияб цебетIеялъул батIалъи дагь гьабулеб буго федералияб централъ. Амма гьелъие гIоло нахъе ккарал регионал церетIезаризе ккола, церетIурал нахъе цIачIого абун рикIкIунеб буго Гражданияб жамгIият цебетIеялъул фондалъул нухмалъулев Константин Костиница «Коммерсант» газеталъе кьолеб баяналда.

**Рамазан РАЖАБОВ**

*хасаб пикру*

# ГIалибег ГIалиев тIалаб гьавулев вуго халкъалъ



**Пачалихъияб Думаялдеги Халкъияб Собраниялдеги къачIарал кандидатазул гIемер бицунеб буго ахираб заманалда. Бицунеб буго мандат щвезе ккани партиязул сияхIалде ккезариялъул.**

Бицунеб буго лъай-хъваяз цоял Москваялдаса, цогидал ХъахIаб рокъоса мухIканго Думаялде унезул ва республикаялъул парламенталде унезул кьерде ккезариялъул. Бицунеб буго кандидатазул бугеб ресалъул, сурсаталъул, къуваталъул, лъай-хъваялъул ва гIемерал цойги шартIазул. Сундулха бицунеб гьечIеб? Бицунеб гьечIо гьеле гьеб балъгояб гьаркьидалъун халкъалъ вищулев кандидатасул щив, кинав чи халкъалъе гьенив вихьизе вокьун вугевали. Халкъалъул пикруялъул хал гьабулев чиго вихьулев гьечIо.

Амма гьаб заманалъул азаргIунгутIи бугониги руго нус-нус тIокIлъабиги. Масала, инсанасул пикру абураб жо кигIан власталъ информациялъул алатазда тIад монополия гьабуниги къватIибе бачIинчIогоги чIолеб гьечIо, гьукъизеги кIолеб гьечIо. Социалиял сетазда загьир гьабун, интернеталдаса щивав чиясул кодобе щолеб буго информация. Гьединаб рагъа-рачари лъугьана рищиязде унел кандидатазда хурхун гьал къоязда. Чанго ресурсалъ кьуна информация Пачалихъияб Думалде халкъалъул рахъалдаса кандидатлъун бищунго мустахIикъав чи вугин республикаялъул бетIер Рамазан ГIабдулатIиповасул ихтиярал кодосев вакил ГIалибег ГIалиев абун. Социалиял сетазда гьеб макъалаялда гьоркь хъвадарулезул 99 проценталъ рахъ кколеб буго Пачалихъияб Думаялде ГIалибег ГIалиев вихьизавизе мустахIикъав вугин.

Руго цо-цо ГIалибег вихьун лъалел гIадамал Дума гIемер бугин Халкъияб Собраниялъул депутатлъун рекъон вукIинин абулелги. Щай гьезул гьединаб пикру бугеб лъалищ нужеда? Щай гурелъул ахираб кього соналъ къуризабураб нилъер психологиялъ ва гIакълуялъ къабул гьавулев гьечIо гIадатияв чи Думаялъул депутатлъун бегьилин абураб пикру. ГIалибег вуго жеги живго бетIергьанаб рукъги, рекIине машинагицин гьечIев чи. Гьеб гьесие хIажатцин гьечIо, гьеб балагьулевги вихьичIо дида гьев. Гьев лъалезда кколеб буго бегьилищха гьединав чи Думаялдеян. Бегьилищха?

Бюджетги бикьичIев, гIадамалги чIвачIев, цониги теректги гьабичIев, республикаялъул тахбакIазда гIагарлъиги бугIичIев, вачIун киб ток гьечIеб, щай лъим бачIунареб, щиб гIиллаялъ унтарал лъималгун херал къварид гьарулел абурал суалал рорхулев чи бегьилищха гьениве?

Гьениве ине ккола цо-цоязул пикруялда гIадамалги мерхьун, жаназабаздаса тIаса унев залим. Гьесул джипазул рехьедалъухъги ралагьун абула: "сильный чи вуго, гьадав бегьулин".

Гьединаб буго цо-цо чагIазул психология. Аллагьасе рецц, буго бижун бачIунеб батIияб пикруги, зулмучагIи гурел халкъалъул тIалаб гьабулел хIажат ругин абураб. Гьанже рачIа хIисаб гьабизе щиб гIиллаялъ гIадамаца къабул гьавурав ва жидер депутатлъун вихьулев вугев лъебелазул колохъа вачIарав ГIаликолоса ГIалибег?

СССР бихьхаралдаса нахъе тIоцеве халкъалда вихьана жидеца хъвараб гIарза, битIараб ругьел, гьабураб звонокалда рекъон жидер гIузраби лъазаризе республикаялъул бетIерасухъа кверщелги босун вачIунев чи. Гьеб цебехун букIараб жо гуро. ГIадамаца власталъухъе гIарз гьабиги кагътал хъвайги тун букIана хIасил кколарого. ГIалибег ваккаралдаса нахъойги байбихьун руго. Пайда щиб, ГIалибег цохIо вуго лъабго миллион чи вугеб республикаялда, киса-кибего гьесул кверги, гIинги щолеб гьечIо. Гьев халкъалъухъе вачIана гIадатияб, гIадамаз ретIулеб ратIлилъ, гьев кIалъана киналгIаги чиновниказул шаблонал гьечIого гIадамазул мацIалда, гьес чиновникал ахIана гIаданлъиялде тIоцебесеб иргаялда. Гьес телевидениеги бачун халкъалда цере гьел тIамула рагIи кьезе пуланаб болжалалде гьаб иш рагIалде бахинабилин.

ГIадамазул пикруялъ ва рахъккеялъ тIамула гьел чагIи гIунгутIаби ритIизаризеги, намусалда рекъон хIалтIизеги. Гьеб кьагIидаялъ бижараб буго ГIалибегил машгьурлъи. Гьесда релълъарал гьечIелъул хутIарал хIакимазаби. Гьез кIварабгIан хIаракат бахъула жалго халкъалдаса батIаго рихьизаризе. Гьеб тIокIлъиялъе гIоло росула багьаял машинаби, ретIуна къиматаб ретIел, бицуна микрофоналдаса гIадан хадув гьолареб чIамучIаб мацI: "руководствуясь кинабилаго закономила, как сказал наш национальный лидер ..." абун лъун бачунел рукIуна бюджеталда. Уна къеркьей тендеразда ва тахбакIазда сверухъ. Гьениб букIуна хIилла-макру, интригаби, мацIал гьари, цоцаде гьуси, мекъаб информация ва цогидаб хъубълъи. Гьеб нилъеда бихьана унтарал лъималазул рукъ "Заботаялда" сверухъ. Гьезул гIузру ва жаниб бугеб чороклъи ГIалибегицалъидал тIоцебе къватIиб чIвараб.

Ахир макрабаца гIайибиявлъунги гьевго гьавуна.Дихъе щварал баяназда рекъон республикаялъул бетIерасдаса бугеб хIакъикъат бахчун букIун буго. Жакъа кинабгоги баянлъун гьес амру кьун рагIула "Заботаялъул" директор хъулухъалдаса нахъе йитIизе.

ГIалибег ритIухъ гьавураб хIужалъун рикIкIине бегьула араб анкьалъ ГIабдулатIиповасул указалдалъун гьесие кьураб гIаламат "За любовь к родной земле" абураб. Гьесул гIагараб ракьалде рокьи бугин гIаламат кьураб гIадин, гIадамазул тIалабалда рекъон гьесие депутатасул мандатги кьуни камиллъилаан кинабго. Щивав чиясул ихтияр буго гьев вокьизеги рихинеги, амма халкъалъул тIалаб гьединаб буго ва гьеб хIисабалде босани битIун букIинин ккола.

Хабар лъикIаб рагIайги.

**МухIамад БИСАВГIАЛИЕВ**

*адабият*

ГIАЙМАКИСА АБУБАКАР-ХIАЖИЯВ

# ВАГIЗАБИ

**XVIII гIасруялъул Дагъистаналъул машгьурал гIалимзабазда ва шагIирзабазда гьоркьове унев, жиндир цIар мугIрузул улкаялдаги сверухъ ругел бусурман ракьаздаги рагIарав, диниявги жамгIиявги хIаракатчи ГIаймакиса АбубакархIажиясул вагIзаби руго щибаб занаялъе данде кколел, инсан намус-яхIалде, бахIарчилъиялде, иманалде ва исламалде ахIулел, пасихIаб мацIалъ хъварал шигIраби. Аваразул миллиявгун маданияб автономиялъул хIаракаталдалъун хIадурараб гьесул вагIзабазул мажмугIалдаса чанго шигIру «ЛъаратIа» газеталъул литературияб гьумералда бахъизе хIукму ккана редакциялъул.**

## ТIоцебесеб вагIза

РакIчIа, мискин, дур бичасда,
Мун вижарав Аллагьиму,
Божа, гъарин, Къуръаналда,
Аллагьасул каламиму.
ЦIале, гъарин, дуца Къуръан,
Хирав бичасул пуркъан.
Нахъвилълъа мун илчиясда,
Ахир лъикIлъи бегьила дуй.
БоцIи босун хIежалде а,
КагIбаялъухъ берал риа,
МухIамадихъ дур черх биа,
Ахир лъикIлъи бегьила дуй.
Мискинасе кье садакъа,
Гъаримасе кье напакъа,
РетIе супиязул ретIел,
Ахир лъикIлъи бегьила дуй.
Эбел-эмен рази гьаре,
Вацал-яцал гIатIид гьаре.
Цогидазе лъикIлъи гьабе,
Ахир лъикIлъи бегьила дуй.
Мунагьазе тавбу гьабе,
НигIматазде шукру гьабе,
Балагьазде сабру гьабе,
Ахир лъикIлъи бегьила дуй.
ТIад бугеяб лъикI тIобитIе,
ЛъикIаб рахъалъ халкъ тIобитIе.
МахIшаралде лъикIлъи битIе,
Ахир лъикIлъи бегьила дуй.
Имамасде мун мутIигIлъе,
ЛъикIаздехун ракIги лъикIлъе,
Бичасдаса дур ракI хIинкъа,
Ахир лъикIлъи бегьила дуй.
ШаргIалъул нух къвалакъе къай,
Суннатаб жо цабзаца къай,
БидгIаяб жо рикIкIада те,
Ахир лъикIлъи бегьила дуй.
Абубакарил васият,
Бусурбабазде аманат,
Кье абе хIуснул хатимат,
Ахир лъикIлъи бегьила дуй.

## КIиабилеб вагIза

Аллагьасде гIасилъуге,
ГIелмуялде инкар кколе,
Как-диналъе кIухIаллъуге,
Нахъа гIемер пашманлъила.
Васвасалде ракI биччаге,
Гьаваялде черх биччаге,
ХIарамалде хIетI биччаге,
Нахъа гIемер пашманлъила.
БоцIудаса мун чIухIуге,
Чияр гьумерги бухIуге,
ГIадамал дуй хIакъирлъуге,
Нахъа гIемер пашманлъила.
ГIадамалгун къацандуге,
ШайтIангун мун бицардуге,
ГIадада мун сверсведуге,
Нахъа гIемер пашманлъила.
Дунялалъухъ ракI бухIуге,
Чорхое рахIат гьабуге,
ХIакъалдехун инкар кколе,
Нахъа гIемер пашманлъила.
Черхалдехун тIад рекъоге,
Мехтулеб чагIа гьекъоге,
Чияр милкаб жо бикъуге,
Нахъа гIемер пашманлъила.
Рукъалда мун къварилъуге,
Мадугьалихъ хIал квешлъуге,
Мискинчи дуй хIакъирлъуге,
Нахъа гIемер пашманлъила.
Эбел-инсуй хилиплъуге,
Гьалмагъасдехун квешлъуге,
Дуего мун кIодолъуге,
Нахъа гIемер пашманлъила.
МагIидаса бер бакъваге,
Дуй щвечIелда ракI бакъваге,
Бечед рехсон, мацI бакъваге,
Нахъа гIемер пашманлъила.
ГIелмудаса ракI буссунге,
Лазаталде чехь буссунге,
Шагьваталде черх буссунге,
Нахъа гIемер пашманлъила.
Квешалгиму гьудуллъуге,
ЛъикIалгиму пашманлъуге,
Муъминалгун батIалъуге,
Нахъа гIемер пашманлъила.
ЧIухIи-пахру чорхолъ ккоге,
ГIужбу-рияъ рекIелъ ккоге,
ЖахIда-хIусуд жаниб ккоге,
Нахъа гIемер пашманлъила.
Я, Рабби, дур цIоб босуму,
Абубакар рехун тоге,
ГIисяналде виччан тоге,
Нахъа гIемер пашманлъила.



## Лъабабалеб вагIза

ТIагIат Аллагьасе гьабе,
Нилъ рижарав халикъиму,
Амру-нагью къабул гьабе,
Къудраталъул Аллагьиму.
ГьечIелъуса нилъ рижарав,
Ракьалдасан рижун тарав,
Лъималдаса сурат лъурав
Къудраталъул Аллагьиму.
БецIлъабазулъ нилъ хьихьарав,
КъватIибехун нухбахъарав,
Лъай гьечIого рикьзи кьурав,
Къудраталъул Аллагьиму.
Нилъ хьихьизе гурхIел кьурав,
Хъулухъалъе эбел кьурав
Хахизе жинда малъарав
Къудраталъул Аллагьиму.
Балагьизе берал кьурав,
ГIенеккизе гIиндул кьурав,
Гаргадизе кIал-мацI кьурав
Къудраталъул Аллагьиму.
ГIелму лъазе зигьну кьурав,
ЛъачIеб лъазе гIакълу кьурав,
ГIамалалъе лугби кьурав
Къудраталъул Аллагьиму.
Дур кверазе къуват кьурав,
Дур хIатIазе вилъилъин кьурав,
Дуй хъасдезе малъал кьурав
Къудраталъул Аллагьиму.
Дуй кваназе тIагIам кьурав,
Гьеб чIамизе цаби кьурав,
Тамахлъизе хIацIу кьурав
Къудраталъул Аллагьиму.
Дуй гьекъезе шараб кьурав,
Гьеб къулчIизе щекъер кьурав,
КъватIиб инзе нух бахъарав
Къудраталъул Аллагьиму.
Дуй вегизе рукъзал кьурав,
Дуй рекьизе хурзал кьурав,
Мун вегизе бусен кьурав
Къудраталъул Аллагьиму.
Дуй рекIине чуял кьурав,
Рекьаризе оцал кьурав,
Гьарудизе хIамул кьурав
Къудраталъул Аллагьиму.
Дуй речIчIизе гIачи кьурав,
Хъвехъаридуй куйдул кьурав,
Пайда гIемераб гIи кьурав
Къудраталъул Аллагьиму.
Хъулухъалъе чIужу кьурав,
Хидматалъе лагъзал кьурав,
Дур ракIгъезе лъимал кьурав
Къудраталъул Аллагьиму.
Дуй ретIине ретIел кьурав,
Дуй бухьине ярагъ кьурав,
Дуй ретIине кьолден кьурав
Къудраталъул Аллагьиму.
Зодосахун цIад битIарав,
ГIодосахун хер бижарав,
Мугьалдасан тIор баккарав
Къудраталъул Аллагьиму.
Канлъи базе бакъ битIарав,
Нур гьабизе моцI битIарав,
Зоб берцинал цIваби чIарав
Къудраталъул Аллагьиму.
Дур ракIалъе иман кьурав,
Дуй цIализе Къуръан кьурав,
ГIамал лъазе гIелму кьурав
Къудраталъул Аллагьиму.
ГIасиязе рикьзи кьолев,
Тавбуялъе къабул кьолев,
ГIамал бихьун, алжан кьолев
Къудраталъул Аллагьиму.
Жиндир нигIмат рикIкIун кIвечIев,
Щибго гIайиб жиндилъ гьечIев,
ЛъикIлъи бугев, квешлъи гьечIев
Къудраталъул Аллагьиму.
Гьеб лъаларев цоцин гьечIев,
Пикру бугев гIадан гьечIев,
Жиндий щукру гьабун кIвечIев
Къудраталъул Аллагьиму.
Абубакар, мун щай чIарав,
Гъаплаталда чан чи хварав?
Жив вокьарав квер ккун цIарав
Къудрyталъул Аллагьиму.



## Ункъабилеб вагIза

ТIадегIанав Аллагьасул хIакъал гIемер ругелила,
Гьезул ургьел гьабуларел гIазабазулъ тIамулила.
ГIакълу бугев балигъасда иман лъазе тIадабила,
Гьелъул магIна лъаларелал жужахIалъуй тIамулила.

Щивав муъминасда тIадаб кьол щуго как бачIонани,
КIухIаллъуму гьел танани, габур чIвазе тIадабила.
Хирав бичас тIад гьабураб лъагIалица цо моцI квезе,
Шагьват батун кквечIонани, бусурманлъи биххулила.

Бичас кьураб боцIудаса закат бахъи тIад гьабураб,
Бахиллъуму нахъе чIвани, гIаждагьалъун жемулила.
БоцIудасан хIал кIварасда хIеж гьабизе тIад гьабураб,
ГьабичIого хутIанани, пассикълъуму холевила.

РачIа инин нилъ хIежалде, тIад бугеб жо тIобитIизе,
Налъи тIадго хун танани, гIасияб хвел бегьулила.
Гьел тIадал жал тIоритIани, рукну-шартIги тIубанани,
Алжаналъул нуцIа рагьун, кверщел кьуму виччалила.

Гьезда цадахъ тезе тIадал кIудиял мунагьал ругел,
КIвар гьечIого гьарунани, жужахIалде тIамулила.
Лугбуз гьарулездасаги ракIалъ гьарулел кIудиял,
РакIал рацIцIад гьарунани, роцIараб хоб батулила.

Нигат бихьун гIамалила, гIамал бихьун жазайила,
ГIамал бацIцIад гьабунани, ракI нуралъул цIолебила.
ВачIа, мискин Абубакар, дуца нигат бацIцIад гьабе,
ГIабдалзаби гIадаллъарал нигат бацIцIад гьабунила.

## Щуабилеб вагIза

ГIадамазда нечоларев, бичасдаса хIинкъуларев,
ВагIза-хабар бичIчIуларев, гьабила дуй гьелъул жаза.
Дуниял дуй хиралъарав, боцIцIудехун машгъуллъарав,
Хвел-хоб дуда кIочон тараб, гьабила дуй гьелъул жаза.

ЧIухIи-пахру рекIелъ ккурав, гIадамал дуй хIакъирлъарав,
Дурго гIакълу дуй берцинав, гьабила дуй гьелъул жаза.
ГIалимасде гIин тIамичIев, аятазде бер тIамичIев,
ТIагIаталъулъ черх квегьичIев, гьабила дуй гьелъул жаза.

Рукъалда дин малъуларев, квешаб-лъияб цIехоларев,
Амру-нагьаю гьабуларев, гьабила дуй гьелъул жаза.
Гьибат-бугьтан кIалдиб хIалав, чияр гIайиб бадиб чIварав,
Дурго гIайиб нахъ чIван тарав, гьабила дуй гьелъул жаза.

Къаси сордо кьижун арав, дунялалде пикру арав,
Гьапуллъуму гIумру арав, гьабила дуй гьелъул жаза.
Как-кIалалъул ургьел гьечIев, рукну-шартIги тIубан кIвечIев,
ЛъачIеб лъазе кIвар гьабичIев, гьабила дуй гьелъул жаза.

ЗакагIат-сахI тIобитIичIев, вакъпу-хайрат гьабун кIвечIев,
ХIал кIолаго, хIеж гьабичIев, гьабила дуй гьелъул жаза
Мехтел гьекъон, ракI бецIлъарав, мунагь гьабун, хоб бецIлъарав,
ЛъикIалазул малъ рихарав, гьабила дуй гьелъул жаза.

ЖамагIаталъ как баларев, хIарам-хIалал цIехоларев,
Чорхол гьава тун кIоларев, гьабила дуй гьелъул жаза.
Нахъиязе боцIи тарав, гьелъул хIисаб дутIе ккарав,
МахIшаралда хIакъирлъарав, гьабила дуй гьелъул жаза.

## РОХЬАЗУЛ ЦIАЯЛ ВА ЗАКОН

**Шибаб соналъ хасало гIурччин хер бакъварабго ва ихдал гIурччинхер баккизегIан хIинкъи букIуна рохьазда цIа ккеялдаса. ЦIа ккеялъе гIиллаги букIуна ах-хуралъул хIалтIаби гьарулаго инсанас цIа ккеялдаса цIуни гьабичIони, ургъел гьечIого хуриб, магъилъ бакъвараб хер, чороклъи бухIизеян цIа бакани. Гьединго мегIер гIалахъ бацIцIалъизеян цIа бакани. Киб бакарабги цIа, хадуб хал кквечIони свинабичIони, чара гьечIого ахиралда рохьобе щола.**

Рохьазда ва гьелъул рагIаллъабазда, хурзабахъ гIемераб букIуна цIа рекIине хIинкъи бугеб чороклъи - бакъвараб хер, гIодобе бортараб гIаркьел, заз-хъарахъ, гIаздаца гьороца бекараб гъветI.

Гьедин цIа ккана март моцIалъ Хьаргаби районалъул Дарада, Мурада ва Адхвалтиша магIарда.

МаркIачIуда бецIлъараб гIужалда рохьореги ун цIа гъун бухIана КIикIуниб рохь. МугIрузда бакъвараб хер бухIарал хIужаби ккана киналго районазда. Киналго цIаялги ккана инсанасул гIайибалдалъун.

Бегьулареб бакIалда цIаялги гъун шибаб соналъ мегIер бухIизе бокьула магIарул районазда. Рохьоб цIаги рекIуна магIарухъ, кидаго инсанасул гIайибалдалъун. ЦIа рекIани гьелъ кIудияб балагь гьабула гъветI-хералъе, гIалхъул хIайваназе, хIутI-хъумуралъе. Рохь лъугьуна жанире лъугьине рес гьечIеб хIалалъ лахIуца.

Гьеб свинабулаго нилъеда кигIан захIмат бихьулеб гьенив хIалтIарасда гурони лъаларо. ЦIа свинаби ккола цIакъ кьо бихьулеб, захIматаб хIалтIи. ЦIадуца бухIараб хIутI-хъумуралъул, гIалхъул хIайваназул хIакъ лъица хIехьелеб ва гьеб хадуб сунда бащалъилеб.

Россиялда, бакъвараб хер бухIизе гIадамаз цIа бакун, рухIулел рохьазул къадар миллион гаялдасаги цIикIуна шибаб соналъ. Рохьазда цадахъ рухIулел руго росаби, рукъзал ва гIемераб зарал ккола.

Гьедин 2016 соналъул байбихьиялдаса нахъе Россиялъул Правительствоялъул 2012 соналъул 25 абилеб апрелалъ тасдикъ гьабураб № 390 (Правила противопожарного обустройства в РФ) абураб хIукмуялда рекъон гьукъун буго кибго бакъвараб хер бухIизе цIа бакизе мегIер - гIалахъалда, ахакь, хурзабахъ, нухазул рагIаллъабазда, кибго.

Киналго авлахъазда, мегIер-гIалахъазда, хурзабахъ хIалтIаби гьарулаго шивав чияс цIунизе ккола «Рохьал цIа ккеялдаса цIуниялъул Правилаби» (Правила пожарной безопасности в лесах) ва «РФ цIа ккеялдаса гьукъиялъул гIуцIи» (Правила противопожарного обустройства в РФ).

Гьел Правилабазда рекъон рохьазда ва рохьобе цIа ккеялдаса хIинкъи бугеб бакIалда ва хIинкъи бугеб заманаялъ, ихдал гIазу биаралдаса хасало гIазу гIодоб чIезегIан гьукъула: - цIа бакизе, цIа рекIараб хъалиян ва спичка гIодобе реххизе, гьелъие букIине кколеб бакI хIадур гьабичIого. ТIабигIаталда цIа (костер) бакулеб бакIалда букIине ккола сверун 1,5 м гIеблъиялда ракьги баккизе гьабун бухьараб гвенд. Хъалиян ва спичка гIодобе реххизе ккола цIаги свине гьабун. Чанахъабаз хIалтIизаризе бегьуларо патроназул кIалтIаби цIезе туманкI речIчIулаго цIа рекIунеб къай ва цIа рекIунел гулби.

Гьединго цIа ккезе хIинкъи бугеб заманаялъ гьукъула рохьазда сверун ругел ракьазда бакъвараб хер, кьищни-чороклъи бухIизе. Рохьазда бегьуларо кьишни базе ва гьеб бухIулел гвендал гьаризе.

Шивав чияс свинабизе ккола жиндир гIайибалдалъун ккараб цIа. Рохьобе цIа унеб бугони лъазабизе ккола тIоцебе рохь цIунулел хIалтIухъабазда - лесничествоялда, росдал ва районалъул администрациялда, полициялъул хIалтIухъабазда. Рохьоб ккараб цIа бихьарабго, ва рохьобе ине хIинкъи бугеб бакIалда цIа бихьаниги, шивав чи ине ккола гьеб свинабизе.

Гьединго хIукуматалъ чIезабун буго цIа свинабизе кколеб къагIида. Гьелда рекъон цIа рохьобе ккани свинабизе кумек гьабизе тIад къан буго росабазул муниципалиял гIуцIабазул администрациябазда. Гьез тадбирал гьаризе ккола гIадамал, хIалтIуе алат ва къваригIараб техника балагьизе ва цIа свинабизе рахъине.

ЦIа свинаби гIуцIизе ва хIалтIулезе нухмалъи гьабизе тIад къан буго районалъул администрациялда ва Лесничествоялда.

Районалъул администрациялъ щибаб соналъ къабул гьабула рохьал цIа ккеялдаса цIунизе, ялъуни цIа рекIани свинабизе хIукму «районалъул рохьазул цIаял свинабизе Оперативниял план». Гьеб хIукмуялда рекъон киналго рохьал, щибаб росабазул администрациябазда хадур рухьинарун руго цIа ккеялдаса цIунизе ва цIа рекIани свинабизе. Гьединго чIезабун буго щибаб росдаца цIа свинабизе рачIунаго цадахъ босизе кколеб кверзул алаталъул къадар. Щибаб росулъ гIуцIизе ккола цIа свинабизе команда.

Амма гьеб хIукму букIине кколеб хIалалъ тIубазабулеб гьечIо росабазул МО - язул бутIруца. ЦIа рохьобе бачIинегIан балагьун чIолел руго. ЦIа свинабулел командаби къваригIел ккараб мехалъ кагътида тIад гурони ратулел гьечIо. ЦIа свинабулел командабазул списокал Лесничествоялде киналго щун гьечIо, гьелъие бихьизабун букIана 2016 абилеб соналъул 20 март.

ГIадамазул бугеб ургъел гьечIеб тIаса – масагояб бербалагьиялъ рохьазе гьабулеб зарал цIикIкIунеб буго. Гьединлъидал Рохьил ва административиял правонарушениябазул кодексазда 2014 - 2015 абилеб соназ гьарун руго тамихI цIикIкIине гьабулел тIаде жураял. Рохьил Кодексалъул 53 бутIаялде (Пожарная безопасность в лесах) мухIкан гьабун тIаде журан руго 53.I даса 53.8 ялде швезегIан бутIаби ва лъица щиб гьабизе кколеб хIалтIиги бикьун буго. Гьединго Дагъистаналъул пачалихъалъул 13 август 2012 соналъ № 273 хIукмуялъги (О мерах по противодействию выжиганию сухой травы на территории Республики Дагестан) ва 10 декабрь 2015 соналъ № 336 хIукмуялъ (Порядок действий по предотвращению выжигания сухой растительности на территории РД) гьарурал хиса - басиялгун цадахъ гьукъун буго бакъвараб хер бухIизе. ЧIезабун буго гьел хIалтIаби гьарулеб къагIида.

Муниципалиял гIуцIабазе лъикIаблъун бихьизабун буго гьеб хIукму тIубазе хIалтIаби гьаризе ва бакъвараб харида цIа бакарал хIужаби ккани гIайибиял тамихIалде цIазе тIалаб гьабизе.

Гьарун руго тIадежураял Административиял правонарушениябазул Кодексалъул 8.32 бутIаялде.

Гьединго цIа ургъунго гъун (поджог) ялъуни цIа бакиялъ лъачIого рохьалъе ва гъветI-хералъе зарал гьабурал чагIи цIала тамихIалде уголовнияб кодексалъул 26I абилеб бутIаялда рекъон.

ТIабигIат цIадул балагьалдаса цIуни ккола шивав чиясул жиндирго гIумру цIуни. Инсан жив вижараб кьоялдаса нахъе шибаб кьоялъ тIабигIатгун цадахъ гIумру гьабулев вукIуна. ТIабигIат унтани инсанги унтула. Рохьги кколе тIабигIаталъул аслияб бутIа. Гьединлъидал шивав чияс тIабигIат, рохьал, лъимал, гьава кидаго цIунизе ккола, гьеб гIакълу бугев инсанасда кидаго тIад бугеб налъи ккола.

Цоги гIалимзабаз бицунеб буго басрияб хер бухIани, харил кьибил нахъбусун букIараб хIалалде ккезегIан цIилъизе 7-8 сон балилан. Гьедилъидал хер бухIани мегIерги унтула ва 7-8 сон бала мегIер, гIалахъ цIилъизе. Рохь бухIани цIилъизе бала 70-100 сон. щивав чиясда ургъел гьабичIого течIого тIабигIат ва рохьал цIуне, хасго цIуне цIа ккеялдаса. Исанаги ихги хехго швана ва рииги кинаб букIинеб лъаларо, багIарараб букIине бугилан абулеб буго, воре рохьазда цIа ккеялдаса цIодорлъи гьабе.

**ЛЕСНИЧЕСТВОЯЛЪУЛ НУХМАЛЪУЛЕВ.**

*экономика*

## Регистрация ва цIиял хIалтIул бакIал

**Райадминистрациялъ рагIдукь бугеб бизнес рагьулеб буго**

20 абилеб апрелалда ЛъаратIагун Гьукъал росабалъ тIобитIана хIалтIул договор гьечIого бизнес гьабулел чагIи тIатинариялъул рахъалъ проверка гьаби. Гьеб тадбир тIобитIана районалъул бетIерасул заместитель Мадина Саидовалъул жигарчилъиялда. Гьеб хIалтIуе гIуцIана хасаб группаги: ГIумарасхIаб ГIабдурахIманов - ЛъаратIа пенсионияб фондалъул отделалъул нухмалъулев, Рамазан МухIамадгIалиев - налоговияб инспекциялъул хIалтIухъан, Марат МухIамадов - группалъул нухмалъулев ва гьединго РОВДялъул хIалтIухъан, АхIмад Къурбанов - ЦЗНалъул нухмалъулев.

Гьеб хIалтIи гьабиялъул хIасилалда 7 предприниматель ЛъаратIа росулъ ва 3 магазин Гьукъал росулъ рачун руго законалда рекъон хIалтIизе регистрацияги гьабун. Гьезул цо-цоязулгун къотIиги гьабун буго гIадамал хIалтIуде росизеги. 2016 абилеб соналъул байбихьуда ЛъаратIа ва Гьукъал росабалъ регистрация гьечIого хIалтIулел чагIазул къадар букIана 29 чи, гьанже гьезул 21 чияс гьабун буго регистрация ва законалда рекъон хIалтIулел руго. ХутIун руго жеги микьго чи, гьезулгунги гьабизе буго гара-чIвари.

ТамихIалде цIазе ккунгутIиялда хьул буго. Нилъер районалъул проблемаязул цояблъун ккола районалда жаниб хIалтIизе бакI щунгутIи, гьебги бараб буго чIахIиял предприятиял гьечIолъи районалда. ГIолохъаби район тун къватIире ине колел руго хIалтIи балагьизе. ЛъаратIа ЦЗНалъул нухмалъулев АхIмад Къурбановасул рагIабазда рекъон, жодохъе щварав чиясе законалда рекъон, официалияб къагIидаялъ хIалтIизе бакI балагьизе тIадаб бугила. Гьелда хурхун хIалтIиги гьабулеб бугила.

Регистрация гьаби буго законалъул тIалаб, гьеб гьечIони бича-хиси ялъуни цогидаб предпринимательствоялъул хIалтIи гьабизе бегьуларо. Регистрация гьечIев чияс налог кьоларо, гьесул гьенир хIалтIулел чагIаз пенсионниял взносал гьаруларо. Гьеб кинабго рукIалиде бачиналда тIад хIалтIулеб буго районалъул нухмалъи, гьелде ахIулел руго киналго республикаялъул ва ферелалиял законазги. КиналгIаги налогалги кьечIого, регистрацияги гьабичIого хIалтIулеб бизнесалда абула рагIдукь бугеб бизнесилан. Гьелда данде рагъ лъазабун буго республикаялъул бетIер Рамазан ГIабдулатIиповас цере лъурал приоритетнияб проектаздаги. МахIачхъалаялда гIадин кIудияб бизнес районалда гьечIониги, закон буго закон, гьелда рекъон хIалтIизе тIадаб буго щивасда.

**ЧАКЪАЛОВ**

*к вашему сведению*

## Тляратинский ЦЗН сообщает: ИНФОРМАЦИЯ

**о реализации Межведомственного плана мероприятий содействия трудоустройству и адаптации к рынку труда выпускников организаций среднего профессионального образования Республики Дагестан на 2016 – 2020 годы.**

ГКУ РД «ЦЗН в МО «Тляратинский район» оказывает услуги указанной категории по:

1. проведению специальных циклов занятий, адаптирующих тренингов по обучению навыкам эффективного поведения на рынке труда и на рабочем месте для выпускников организаций всех уровней профессионального образования, состоящих на учете в государственных органах службы занятости, в рамках оказания государственной услуги по социальной адаптации безработных граждан на рынке труда, в том числе в Клубах ищущих работу;

2. разработке информационно-методических пособий, подготовке буклетов, размещению материалов в СМИ для профессиональной ориентации молодежи;

3. комплектованию отдельных групп организаций среднего профессионального образования в приоритетном порядке безработными гражданами, состоящими на учете в органах службы занятости;

4. функционированию в организациях профессионального образования временных и постоянных консультационных пунктов по информированию будущих выпускников о положении на рынке труда, имеющихся вакансиях и специальных программах занятости;

5. содействию трудоустройству выпускников организаций среднего профессионального образования в рамках мероприятия «Организация временного трудоустройства безработных граждан в возрасте от 18 до 20 лет из числа выпускников организаций среднего профессионального образования, ищущих работу впервые»;

6. организации и проведении ярмарок вакансий рабочих мест для выпускников организаций профессионального образования;

7. организации и проведении профориентационных мероприятий службы занятости в организациях профессионального образования;

8. формированию республиканского банка вакансий ученических рабочих мест и республиканского банка специалистов высокой квалификации (по уровню образования).

**Директор ГКУ РД «ЦЗН в МО Тляратинский район»**
**А.Р.КУРБАНОВ**

*Нилъер табигIат*



**Колоб росу**

Редактор: Расул Абакаров
**Газета гIуцIарал:**
ЛъаратIа районалъул администрация ва редакциялъул хIалтIухъабазул коллектив.

Газеталъул регистрация гьабуна печаталъул ва информациялъул эркенлъи цIуниялъул республикаялъул инспекциялъ Рег. № 0I06

Материалалда рихьизарурал хIужаби ритIарал рукIиналъул жавабчилъи тIаде кколев авторасулгун редакциялъул пикраби дандеккечIого рукIинеги бегьула.

**Адрес редакции:**
368420: Республика Дагестан
Тляратинский район,
с.Тлярата
**Тираж** 1100 **экз. Индекс: 5I372.**

Газета отпечатана в типографии «Лотос» по адресу:
г. Махачкала, Пушкина, 6
Время подписания в печать:
по графику: 19.00
фактически: 19.00 29.04.2016
Заказ ____________